



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APEPRÈ 90 MILYON DOLA POU SIPÒTE SÈVIS  
ESANSYÈL SANTE MANTAL POU JÈN**

***Nouvo sèvis nan Rejyon Kapital, Sant New York, Finger Lakes, Hudson Valley,  
North Country ak Southern Tier***

***Jèn ki gen pwoblèm sante mantal konplèks yo pral resevwa sipò ak sèvis  
endividyèl pou asire estabilite pou timoun ak fanmi***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sibvansyon apeprè 90 milyon dola sou senk ane pou ede sis founisè atravè Eta a mete an plas sèvis ki pote yon sipò esansyèl pou jèn k ap konfwonte pwoblèm sante mantal konplèks. [Pwogram tranzisyon nan peryòd esansyèl](#) Biwo Sante Mantal (State Office of Mental Health) Eta a administre, pral sèvi jèn ki gen ant 11 ak 17 ane pou ede yo itilize sipò endividyèl, asire estabilite timoun nan ak fanmi li, epi ede timoun nan evite sejou pwolonje nan sèvis ijans oswa pwogram ijans sikyatrik.

"Lè nou envesti nan pwogram sa yo, nou ka ede plis timoun ki gen pwoblèm sante mantal konplèks jwenn sèvis yo bezwen yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York ap itilize yon nouvo apwòch sou pwoblèm sa a nan pwopoze opsyon sipò endividyèl nan nivo lokal atravè eta a ak nan kèk ka, nan yon kad famiyal kote yo ka resevwa nivo swen yo bezwen pandan y ap rekipere yo."

OMH te bay anviwon 14.5 milyon dola sou senk ane pou chak nan sis founisè sèvis sa yo, pou yon total apeprè 90 milyon dola atravè tout founisè yo. Sa a enkli 100,000 dola nan finansman demaraj pou chak founisè pou bay yon sipò imedya pou kòmanse pwogram nan.

- Northeast Parent and Child nan Konte Schenectady
- ACCESS CNY nan Konte Onondaga
- Hillside nan Konte Monroe
- Rehabilitation Support Services nan Konte Orange
- Essex County ARC nan Konte Essex
- Children's Home of Wyoming Conference nan Konte Broome

Sis founisè sèvis sa yo pral itilize [entèvansyon nan peryòd esansyèl](#), yon pratik ki baze sou prèv ki mobilize sipò pou moun yo pandan peryòd tranzisyon an. Sipò sa yo gen ladan tretman sante mantal ak konpòtman; fòmasyon nan konpetans entèpèsyonèl ak reyabilitasyon; planifikasyon pwofesyonèl ak edikatif; edikasyon entansif fanmi an oswa moun k ap bay swen; kowòdinasyon tout moun ki gen enterè yo ak founisè sèvis yo; epi, si nesèsè, yon anviwònman tranzisyon ki sanble ak yon fwaye pou rete epi resevwa sipò.

Chak anviwònman rezidansyèl tranzisyon pral akeyi jiska uit jèn. Rezidans sa yo pral akeyi timoun yo pandan jiska 120 jou annatandan yo adapte ak sistèm sipò yo a epi prepare pou retounen nan kominote yo a.

**Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare,** "Se toujou yon priyorite pou bay sèvis ak jèn nou yo nan yon anviwònman kominotè epi evite lopital ak sal dijans yo. Pwogram Tranzisyon nan Peryòd Esansyèl sa a pral bay sèvis entansif pou jèn ak fanmi yo nan yon anviwònman kominotè akeyan ak gerisè. Pwogram inovatè sa a se yon rezilta apwòch vizyonè Gouvènè Hochul te demontre ak anfas kontinyèl li pou ranfòse sistèm sante mantal eta nou an."

Fanmi yo ki gen jèn ki gen bezwen konplèks epi enskri yo nan pwogram anbilatwa ka gen bezwen plis sipò ki pa disponib kounye a. Fanmi sa yo souvan twouve yo depann de sejou pwolonje nan lopital pandan y ap tann pou ba yo sèvis epi si yo kwè yo pa ka pran swen timoun yo lakay yo san danje.

Timoun ak adolesan yo ki gen bezwen konplèks, tankou andikap devlopman ak pwoblèm sante mantal ki rive an menm tan, gen plis chans pou yo ba yo egzeyat anreta pou nivo swen ki pi konplèks pandan y ap tann sèvis kominotè apwopriye yo. Sejour pwolonje nan lopital ka gen yon enpak negatif sou rezilta jèn yo ki gen bezwen konpòtman konplèks, espesyalman pou moun ki pa nan nesèsite pou nivo swen sa a.

Asosyasyon Swen Sante Eta New York dènyèman te mete aksan sou defi sa yo [nan yon rapò ki te pibliye an fevriye](#) ki endike ke yon sondaj sou 52 lopital an 2022 te jwenn plis pase 500 moun – ki gen ladan timoun – te rete lopital pou yon mwa oswa plis aprè yo te prè pou egzeyat. Pami lòt rekòmandasyon yo, rapò a te mande pou pwogram tranzisyon relèv nan ka kriz pou moun k ap viv ak andikap entelektyèl oswa devlopmanal, pou yo ka gen aksè fasilman nan swen esansyèl pandan y ap tann pou yo plase yo nan pwogram anbilatwa yo.

Modèl pwogram nan te kreye an kolaborasyon sere ak lòt ajans Eta New York k ap sèvi timoun ki esansyèl pou rezoud pwoblèm sa nan nivo Eta a. Sa enkli Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta (State Office of Children and Family Services) a, Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopman Eta (State Office for People with Developmental Disabilities) a, Depatman Edikasyon Eta (State Department of Education) a ak Konsèy pou Timoun ak Fanmi (Council on Children and Families) yo.

**Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi, Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare,** "Avèk investisman sa a ak plizyè lòt inisyativ, Gouvènè Hochul te demontre ke li te konn koute fanmi yo ak founisè sèvis yo ki ap chèche soulajman pou timoun ki gen bezwen swen sante espesyalize. Sistèm nan konfwonte ospitalizasyon pwolonje ki enplike timoun ak jèn ki gen bezwen sante mantal konplèks, epi posibilite apre estabilizasyon yo limite. Men, avèk nouvo finansman sa a ak modèl ki fonde sou prèv la, gouvènman an ak ajans volontè yo pral gen resous adisyonèl pou kenbe fanmi yo ansanm, promouvwa byennèt, epi fasilite yon tranzisyon an sante pou timoun ki soti lopital la k ap tounen nan kominote yo."

**Komisè Enterimè Biwo pou Moun ki gen Andikap nan Devlopman, Willow Baer, te deklare,** "Avèk finansman sa a, Gouvènè Hochul konble lakin nan swen ki afekte twòp jèn Nouyòkè ki soufri dyagnostik konkomitàn, ki pwolonje ospitalizasyon inital ak pètibasyon pou fanmi yo. OPWDD fyè pou li asosye ak Biwo Sante Mantal ak benefisyè sibvansyon yo pou mete an plas apwòch inovatè sa epi ki nesesè pou swen tranzisyon yo."

**Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa te deklare,** "Elèv yo jodi a ap fè eksperyans nivo depresyon, enkyetid, solitud, ak izolasyon san parèy. Defi sa yo reflète bezwen konplèks jèn yo, ki egzije solisyon konplèks menm jan. Aksè a sèvis sante mantal esansyèl pou byennèt ak devlopman elèv nou yo. Ansanm ak Gouvènè Hochul ak patnè gouvènman nou yo, nou pran angajman pou pran mezi siyifikatif pou bay sipò ak resous vital ki nesesè pou epanouyi timoun nou yo."

**Direktris Egzekitif Konsèy pou Timoun ak Fanmi, Vanessa Threatte, te deklare,** "Finansman sa a pral ede asire ke timoun atravè New York – sa yo ki te sibi abi, neglijan, ak twomatis, oswa ki gen bezwen konplèks sikyatrik, entelektyèl ak devlopman ki bezwen sèvis pi espesyalize oswa entansif – resevwa sèvis ki nesesè yo. Antanke direktis egzekitif Konsèy pou Timoun ak Fanmi yo, ajans eta ki responsab pou pwomouvwa kolaborasyon ant ajans yo, mwen kontan espesyalman pou nouvo pwogram sa a epi mwen espere travay an kolaborasyon nan tèt kole ak gwoup founisè ki devwe yo pou mete jèn ki pi vilnerab nan eta nou an an relasyon ak sèvis yo."

**Senatè Eta, Samra G. Brouk, te deklare,** "Jèn nou yo ki pa satisfè bezwen konplèks yo dwe resevwa swen ki vize minimize twomatis nan fanmi an epi evite sejou pwolonje lopital. Avèk 90 milyon dola Gouvènè Hochul pou sipòte sèvis sante mantal esansyèl pou jèn yo, n ap avanse nan bon direksyon an – jèn yo ki gen bezwen konplèks ki pa satisfè pral finalman resevwa yon atansyon endividyèl, entèvansyon nan peryòd esansyèl, ak swen konpetan, men nou konnen tou ke gen plis bagay ki dwe fèt. Mwen espere travay avèk Gouvènè Hochul ak patnè kominotè nou yo pou asire fanmi nou yo resevwa sipò sante mantal ak konpòtmantal yo bezwen pou yo pwospere."

**Aileen Gunther, ki se yon Manm Asanble, te deklare,** "Jèn nou yo se lavni, epi investisman sa a pral bay plis swen konplè, kominotè pou sa yo ki nan difikilte. Ranfòse sistèm sipò lokal sa yo pral gen enpak imedyata sou timoun yo, pandan l ap retire yon chaj sou sèvis ijans nou yo ak pwogram ijans sikyatrik nou yo. Mwen felisite

finansman sa a ak angajman Gouvènè a paske l sipòte jèn nou yo pandan moman esansyèl sa a nan lavi yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)